Li waa New York wara xàm ci waccin COVID-19 yi

Waccin COVID-19 yi jàppandina leegi ci béppu doomu New York yu say àt tollu ci 16 ak luko ëppu.

Waccin COVID-19 yi baax nañ te am nañ solo.

Ñi seen xamxam macci ci wallu siaans ñingi sukkëndiku ci ay fukki àti gëstu ngir amal yeneeni waccin biñu defaree waccin COVID-19 yi. Def nañ ab gëstu kilinik bu yaatu ci waccins yi ñeel ay fukki junni ci ay nit wuute ci àt, ak xeet ak làkk. Buñu sukkëndikoo ci gëstu yi, waccin yi woor nañ te xereñ nañ ciaar nit ñi ci jàngoroy COVID-19, walla ci tëdd feebar walla faatu. Serwiisu Lékk ak Garabi kër doktoor (Food and Drug Administration, FDA) nanguna jëfëndiko waccin yi ngir jëfëndiko gu gaaw.

Waccin COVID-19 yi dañleen koy jox ta dungeen fay dara.

Béppu doomu New York yu say àt tollu ci 16 ak luko ëppu mannaa jot waccin bi ta du fày dara. Yaw **soxlawo** di àm asiiraans walla ngay wane sa nekiinu way tukki ngir ñu ñakk la.

Sakkul bërëb buñula ñakkee.

Laajal say fac kat walla kingay ligéeyal ndax dañuy maye ay waccin. Demal ci nyc.gov/vaccinefinder walla nga woote ci 877-829-4692 ngir nga gis bërëb buñulay ñakkee.

Man ngaa jaankoonte ak ay efee segoondeer.

Efee segondeer ci gënë siiw mooy metiitu loxo ci fiñu la ñakk, boppu buy meti, metiitu yaram, coono ak yaram wu tàng. Waccin yi **amuñu** wirus biy joxe COVID-19, **du** soppi sa ADN te **du** doje COVID-19.

Wéyël di jël say matuwaay.

Xamnañ ni waccin yi daf ñuy aar, waaye dañoo wara xàm dayo biñu wara àm ci tasaarook wirus bi. Ci jamono bi, gannaaw banga ñakoo ba pare, naga wéy di took sa kër bo feebaree, tenga soree ak nit ñi lu tollo ak 6 pie, tenga takk bu baax sa mask tenga raxas say yoxo.

Demal ci nyc.gov/vaccinefinder walla nga woote ci 877-829-4692 ngir nga gis bërëb buñulay ñakkee.

Serwiisu Wergi yaram bu NYC mannaa amal ay copite sukkëndiko ko ci situasion bi. 4.26.21

Wolof

NYC VACCINE FOR ALL: SAFE, FREE, EASY

NYC Health